

Yon èd an moman Dezas disponib pou moun ki kalifye nan Mississippi

Release Date: Nov 19, 2021

Ajans Federal Jesyon Ijans angaje I pou li ede tout sivivan ki kalifye retabli soti anba ouragan Ida. Moun ki kalifye yo se sitwayen ameriken, resòtisan ki pa sitwayen ak etranje ki kalifye.

Pou potansyèlman kalifye pou yon èd nan Pwogram Endividylè oswa Familyal FEMA a, aplikan yo dwe se sitwayen ameriken, resòtisan ki pa siitwayen oswa etranje kalifye. Sepandan, fanmi ki san papye ki gen yon estati imigrasyon divèsifye bezwen sèlman yon sèl manm fanmi an (ki gen ladan timoun ki poko gen 18 lane) ki se yon sitwayen ameriken epi ki genyen yon Nimewo Sekirite Sosyal pou aplike. Si manm fanmi an se yon timoun ki poko gen 18 lane, timoun ki poko gen 18 lane a dwe ap viv ak paran an oswa responsab k ap fè demann lan nan non li a.

Y ap mande aplikan yo siyen yon Fòmilè Deklarasyon ak Dechaj ki di yo fè pati aplikan ki kalifye legalman yo. Si yon moun pa kalifye men genyen yon timoun ki poko gen 18 lane ki se yon sitwayen ameriken oswa yon rezidan kalifye k ap viv nan kay la, moun sa a kapab toujou aplike pou asistans nan non timoun nan epi nou p ap pran okenn enfòmasyon konsènan estati.

Etranje ki kalifye yo se:

- Rezidan pèmanan ki legal (Moun ki gen Green Cards yo);
- Moun ki gen estati refijye oswa demandè azil yo;
- Moun yo te kanpe depòtasyon yo;
- Moun ki an libète kondisyonèl Ozetazini depi omwen yon lane pou rezon imanitè;
- Benefisyè rantre kondisyonèl yo;
- Moun ki se patisipan kiben-ayisyen;
- Imigran amerendyen; ak
- Moun avèk demann asistans ki baze sou kou ak blesi oswa gwo mechanste nan men yon manm nan fanmi an.



FEMA

Page 1 of 2

Yon asistans siplemantè kapab disponib kèleswa estati sitwayen an. Lòt pwogram tankou Sèvis Konsèy, Sèvis Jiridik nan moman Dezas ak lòt asistans an ijans akoutèm ki pa mande lajan kapab disponib kèleswa estati sitwayen an. Anplis, òganizasyon benevòl bay èd kèleswa estati sitwayen oswa imigrasyon.

Tout moun, kèleswa estati sitwayen yo, yon gwo dezas touche kapab kalifye pou lòt pwogram èd an ijans ki pa bay lajan. Sa kapab gen ladan swen medikal, abri pwovizwa, manje ak dlo. Imigran ki san papye yo pa kalifye pou èd lajan FEMA a oswa Asistans pou Chomaj nan moman Dezas.

Moun ki pa kalifye pou asistans federal yo kapab rele nan liy telefòn FEMA a nan 800.621.3362 pou rekòmande yo òganizasyon benevòl. Imigran san papye ki soti nan fanmi kote okenn moun pa kalifye pou èd lajan FEMA yo kapab kalifye nan pwogram eta a, òganizasyon lokal oswa òganizasyon benevòl yo. Asistans pou moun ak ti biznis ki kalifye yo kapab gen ladan fon pou lojman tanporè ak reparasyon nesesè pou kay, sibvansyon pou moun ak fanmi yo, Asistans pou Chomaj nan moman Dezas, prè ak to enterè ki ba nan moman dezas ke Administrasyon Ameriken an bay ti biznis yo epi lòt pwogram.



FEMA

Page 2 of 2